

## ABSTRAK

### **Penerapan Model *Problem Based Learning* kanggo Ngaronjatkeun Hasil Diajar Siswa Kelas IV SDN Drawati 04 dina Subtema Bersyukur atas Keberagaman**

Ku:  
Riska Resti Wulandari  
125060323

Proses pembelajaran di sakola kirang efektif. Padika nu dianggo ku guru masih keneh padika konvensional, di manten guru mangrupa sumber diajar utami. Para pendidik ayeuna condong kana penanaman konsep tinimbang pamahaman. Aktifitas diajar siswa carang kalintang katembong margi siswa ngan nampi naon nu guru tepikeun. Ku margi kitu pembelajaran karaos pikaboseneun. Kukituna, peryogi ditarekahan hiji model pembelajaran variatif nu tiasa diangge supados siswa langkung aktif dina ngiring proses pembelajaran ku kituna hasil diajar siswa ningkat. Model pembelajaran anu pas salah sahijina nerapkeun model *Problem Based Learning* sakirana nu tiasa janten solusi nu ditawarkeun dina panalungtikan ieu. Tujuan panalungtikan ieu nyeta pikeun nganyahokeun paningkatan hasil belajar siswa dina subtema bersyukur atas keberagaman. Panalungtikan ieu mangrupa panalungtikan tindakan kelas (PTK). Panalungtikan dilaksanakeun di SDN Drawati 04 Kabupaten Bandung kalawan wanci panalungtikan ti bulan februari dugi september 2016, anu diwangun ku 2 siklus. Padika pangumpulan data nu diangge dina panalungtikan ieu mangrupa observasi, tes, angket, sareng wawancara nu diolah ku milari persentase sareng rata-rata. Target panalungtikan disebut berhasil, lamun aspek laksanakan pembelajaran tiasa laksana kalayan bener nu dinitenan observer saeutikna ngahontal 80%, sikap rasa hoyong terang siswa ngalaman paningkatan ngahontal 85% kalawan kategori sae, salajengna hasil diajar siswa ngahontal 85% kalawan kategori sae. Hasil panalungtikan sacara sakumna atos ngahontal target nu ditangtukeun. Dina siklus I pameuneunan laksanakan pembelajaran ngahontal 72% ngalaman paningkatan 87% dina siklus II. Dina siklus I ranah afektif siswa ngahontal 59% kalawan rata-rata nilai 66 ngalaman paningkatan dina siklus II 86% kalawan rata-rata nilai 75. Dina siklus I ranah psikomotor siswa ngahontal 64% kalawan rata-rata nilai 78 ngalaman paningkatan dina siklus II 91% kalawan rata-rata nilai 79. Dina siklus I ranah kognitif siswa ngahontal 64% kalawan rata-rata nilai 76 ngalaman paningkatan dina siklus II 91% kalawan rata-rata nilai 88. Sikap rasa hoyong terang siswa dina siklus I ngahontal 68% kalawan rata-rata nilai 76 ngalaman paningkatan dina siklus II 95% kalawan rata-rata nilai 82. Dumasar hasil kasebat mangka kalawan nerapkeun model *Problem Based Learning* tiasa ngaronjatkeun hasil diajar sareng sikap rasa hoyong terang siswa dina subtema bersyukur atas keberagaman.

**Sanggem konci:** *Problem Based Learning*, hasil diajar, sikap rasa hoyong terang